

STORYWALKS

Vin patisipe ak nan seri StoryWalk® nou yo! Yon fason amizan pou li istwa pandan n ap pran plezi nou anplennè.

Depatman Lwazi ak Rekreyasyon nan Boston (Boston Parks and Recreation Department) mete men avèk Bibliyotèk Piblik Boston ak Highland Street Foundation, New England Patriots Foundation, ak Xfinity pou pwodwi yon seri enstalasyon StoryWalk® nan 10 pak atravè Vil la ki prezante liv nan 9 lang antou.

KISA YON STORYWALK YE?

Yon StoryWalk se yon fason trè enteresan pou timoun ak granmoun yo jwi lekti ak lanati anmenm tan. Yon seri paj plastifye ki soti nan yon liv pou timoun ki tache nan pikèt oswa sou yon kloti ki enstale toutolon wout yo. Se Anne Ferguson nan Montpelier, Vermont, ki kreye te pwojè StoryWalk la epi devlope li an kolaborasyon avèk Bibliyotèk Kellogg-Hubbard la.

TANPRI SWIV TOUT PWOTOKÒL SEKIRITE COVID-19 YO:

Fason yo plase estasyon StoryWalk yo ankouraje distans sosyal.

<https://www.boston.gov/covid-19-hc>

DETAY SOU STORYWALK:

Enstalasyon StoryWalk yo ap kòmanse Madi 20ye Avril epi fini Lendi 10ye Me.

Patisipe nan Storywalk nou yo epi antre pou genyen youn nan 5 gran prim yon Kindle ak yon 3 mwa abònman Kindle ilimite koutwazi Xfinity pou patisipasyon w!

Augustus fè yon jounen ap vwayaje pou jwenn yon souri li pèdi, konsa li dekouvri anpil bagay sou mond natirèl la: ensèk klere, zwazo, mòn,

pwason, e menm yon tanpèt. Selebri bote lanati ak istwa ki chaje ak foto sa a.

AKTIVITE BIBLIYOTÈK PIBLIK BOSTON YO:

Filyal Bibliyotèk Piblik Boston ki toupre StoryWalks yo ap ofri aktivite pou fanmi yo amize yo, tankou aktivite atizanal ak lekti liv an dirèk sou Facebook Live.